




IGICE CA 5

UBWAMI



DUTANZE
UYU MWANA ARI
INZIRAKARENGANE
TURAMUGUHAYE
BAYARI. REKA AYA
MARASO AGABANYE
LIBURAKE BWAVE.

NZOTANGA
UMWANA WANJE
KUGIRA NDIHE
KUVYAHA BIRI MU
MUSHAHA WANJE.

ABANTU BABA I PARESTINA UBUTAKA
ABANYISIRAYERI BAJEMWO BAKORA
IBIBI. BITWA ABANYAKANANI KANDI
BAKONGERA BAKAVUGA INDIMI
ZITANDUKANYE N'IZ'ABANYISIRAYERI.
BATANGA IBIMAZI VY'ABANTU
KANDI BAKONGERA BAKUNAMIRA
IBIGIRWAMANA VYO MU NZAHABU,
MU MURINGA, MU MUJUMBU,
HAMWE NO MU MBAHO.

IMANA IRUNGIKA ABAVUGISHWA
N'ABAHEREZI KUGIRA BABABWIRE
BIHANE ARIKO BIGUMIRA MU VYAHA
VYABO. NKUKO IMANA YARIMBUYE
ABANTU KU GIHE CA NOWA NO
MU BISAGARA VYA SODOMU NA
GOMORA, UKO NYENE IGIYE
KURIMBURA ABANYAKANANI.

RIMWE,
TURABA ABAHEREZI
BAKURU HAMA
TUKABA NONEHO
ABATANGA IBIMAZI.

BIRASHISHA
ARIKO
BITEGEREZA
GUKORWA. KORA
IVYZA HAMA
WAKIRE IVYZA.
UKORE IBIBI
NAHO HAMA
WAKIRE IBIBI.

ITANGURIRO 14:18, 20:7, GUHARURA
22:4-8, GUSUBIRA MU VYAGEZWE
18:9-11




ABANYAKANANI BASENGA
IBIGIRWAMANA BABA MU GIHUGU
C'ISEZERANO BARWANYA
ABANYISIRAYERI, BASHAKA
KUGUMYA ICO GIHUGU, ARIKO
IMANA IHA ABANYISIRAYERI
INGUVU ZO KUBANESHA.

A dramatic comic book illustration. In the foreground, a man with a stern, angry expression, wearing a dark, heavy robe, holds a baby upside down by its arms. The baby's face is visible, looking towards the viewer. In the background, a crowd of people is gathered, some appearing to be in a state of commotion or conflict. The scene is set in a room with classical architectural columns. The color palette is dominated by dark browns, blacks, and a warm, golden-yellow light source from the right, creating strong highlights and deep shadows.

**GLITE
MUJE MURI
IYI NGORO
YEJEJWE!**

**WISHE
UMWANA
WAVE
WANYUMA.**



INTAMBARA YO GUSESA
AMARASO IHEZE, ABAHEBURAYO
BANESHA ABANSI BABO,
HAMA IGIHUGU KIRABEGUKIRA.
YOSUWA ABWIRA ABANTU.

UMUKURAMBERE
WACU WA MBERE
ABURAHAMU
YAVA MU BANTU
BASENGA
IBIGIRWAMANA.
IMANA
IRAMUGENDERA
HANYUMA
IRAMUBWIRA
IMUSEZERANIRA
KO IZOMUGIRA
IHANGA
RIKOMEYE.




IMANA IRAVUGA
KANDI KO ABANTU BAYO
BAZOGENDA MURI EGIPTA
BAGUMEYO BAMAREYO IMYAKA
400, HANYUMA Y'IVYO KO
IZOBARONGORA IBAGARUKANE MU
GIHUGU YABASEZERANIYE AKABA
ARIHO MURI UBU. TURAHARI UBU
INYUMA Y'IMYAKA 500, KANDI IVYO
IMANA YASEZERANIYE ABURAHAMU
YARABISHIKIJE. UBU RERO NI
MUGENDE MUBE N'AHASIGAYE.
NTIMUKIGANE ABANYAVYAHA BABA
MURI IKI GIHUGU, KUKO MUBIKOZE
IMANA IZOBACIRAKO ITEKA NKUKO
YABIKOREYE ABAHABA.

MU GIHUGU GISHASHA BARI
AMAHORO. UMWE WESE YARI
AFISE IVYO YOROYE, UMURIMA
NIVYO GUFUNGURA VYARI VYINSHI.
IMANA IRABAHEZAGIRA KURLITA
ABANDI BANTU BOSE BABANA.

IMFUNGURWA ZO
MW'IJORO Zawe
Zahiye ziri ku
meza.

RINDIRA
GATO GUSHIKA
IRI BUYE
TURIKUYE AHA.






NKUKO IMANA
YABISEZERANYE,
ABAHEBURAYO
BUZURA ICO
GIHUGU.
IBISAGARA
VYABO BIBA
BIZIMA VYLIZURA
IBIKORWA
VYIZA HAMWE
N'UBUTUNGANE.
IRYO HANGA
RISHASHA RYITWA
ISIRAYERI.

AMAHORO
ABANE NAWA,
MUSHIKI WANJE.
AMAFI AMEZE GUTE
UNO MUSI?


ARACARI
MASHASHA
AVUYE MU
KIYAGA
NKUKO
VYAMA.



YHOVA
YARANESHEJE ABANSI
BANYU, ARIKO HARACARIHO
GUSENGA IBIGIRWAMANA
MURI KINO GIHUGU. UNO
MUSI MUTORE UWO MUGIYE
GUKORERA, IMANA ZITARI
ZO Z'ABA BANTU BABA AHA
MUBA CANKE IMANA YA
ABURAHAMU. KUBINYEREKEYE
NABO MU NZU YANJE
TUZOKORERA UMWAMI
MANA.

BIRAGAHERA
KO TWIBAGIRA
UMWAMI MANA
HAMA NGO DUKORERE
IZINDI MANA, KUKO
HAMWE N'UBUSHOBOZI
BUDASANZWE YHOVA
YADUKIJIJE UBUNYAGANO
MURI EGIPTA HAMA
YONGERA ATWITAHU
MU BUGARARWA.

TWASEZERANYE GUKORERA
UMWAMI MANA.



KANDI UMWAMI
MANA YATUZANIYE
ABANTU NKA BOSE
BABA MURI IKI GIHUGU
N'ABAMORI. RERO TUGIYE
GUKORERA UMWAMI MANA
KUKO NIYO MANA
YACU.

IMANA N'IMANA
YERA KANDI IRARAKA,
NIMWAYIHEBA MUGAKURIKIRA
IBIGIRWAMANA IZOHINDUKIRA
KANDI BIZOBAKOMERETSA
VYONGERE BIBARIMBURE.



MURI IVYABONA KURI MWEBWE
NYENE KO MWAHISEMWO UMWAMI
MANA KUGIRA NGO MUMUKORERE.

TURI
IVYABONA.

NGIYE KWANDIKA
MU GITABO ISEZERANO
MUGIRIRANIYE N'IMANA
UNO MUSI.

NKUKO TWUBASHE
MOSE MURI VYOSE, NAWE TUGIYE
KUKWUBAHA, GUSA UMWAMI MANA IMANA
YAWE IBANE NATWE NKUKO YARI KUMWE NA
MOSE. UWUZOGUMUKA IMBERE Y'IVYAGEZWE
VY'IMANA AZOKWICWA.


ABANTU
BARONGORWA
N'ABACAMANZA
BAVUGANA N' IMANA
HAMA BAGASOMA
IVYO MOSE
YANDITSE. BASIGURA
AMATEGEKO Y'IMANA
BAYASIGURIRA ABANTU
BAKANABARONGORERA
KUYASHIRA MU NGIRO
NO KUYUMVIRA.

KUVAYO 21:28-29,
YOSUWA 24:15-24



MBEGA N'IGIKI
ITEGEKO RY'IMANA
RIVUGA KU BIJANYE
N'IMPFIZI YACUMYE
UMUNTU?

MOSE YAVUZE
KO NYENEYO
ARIWE ACA
AFATWA HAMA IYO
MPFIZI NAYO ICA
YICWA.



KUBWO AKANYA
GATO, ABANTU BIBUKA
IBITANGAZA IMANA YAKOZE
ICIYE KURI MOSE HAMWE
NA YOSUWA. BARASHIMA
KUBONA BARAKIZE
LUBUNYAGANO BWO MURI
EGIPTA. BARAKOREYE
IMANA YEHOVA, BONGERA
BATANGA IBIMAZI
NKUKO BATEGETSWE.

OYA,
UMURIMBUZI NTAZA
KUZA, AMARASO Y'UYU
MWAGAZI AZA GUPFUKA
IVYAHA VYACU HAMA ATUME
TWEMERWA MU MASO
Y'IMANA.

DATA, KUBERA
IKI ABAHEREZI BAGIYE
KWICA UMWAGAZI
WACU? MBEGA
N'UMURIMBUZI AZA
KURENGANA KANDI
NKUKO VYAGENZE
MURI EGIPTA?

ABANTU
BASEZERANIYE
YOSUWA KO
BAZOHIMBAZA
IMANA HANYUMA
BUBAHE
IVYAGEZWE VYAYO,
ARIKO SIBOSE
BABANDANIJE
BAHIMBAZA YEHOVA.



IGIHE IBITANGAZA VYAHAGARARA,
URLUNGANWE RUKURIKIRA RWACIYE
RWIBAGIRA IMANA NZIMA
HAMA RUTANGURA GUHIMBAZA
AMASANAMU. BONGERA
BAHIMBAZA BA SEKURU BABO.


NKUKO YOSUWA YABABURIYE,
IMANA IRUNGIKA
LWUSANGANGURA ISIRAYERI.

**OYA!
BAYARI
NKIZA!**


YAAAA!

ABACAMANZA 3:7-8, 12-13, 4:1-2, 10:6-7







IGIHE UGUCIRWA
URUBANZA KWAGEZE KU
BANTU B'IMANA, BIBUKA
ITEGEKO RYIWE HAMA
BATURA IVYAHA VYABO.



OH YEHOVA,
DUHARIRE IVYAHA
VYACU HANYUMA
UDUSUBIZE
AMAHORO YACU.



IGIHE BATURA IVYAHA
VYABO IRABAHARIRA
HANYUMA INAGURA
IGIHUGU CABO.




ABANTU BARARUHISHWA
NO KUGUMA BUMVIRA
ABACAMANZA
BARONDERA
IMANA HANYUMA
BAKANARONGORERA
ABANTU UKO IGITABO
C'IMANA KIVUGA,
BACA BAFATA INGINGO
YO KWIRONDERERA
UMWAMI ABARONGORA.

AMATONGO Yawe
YAFASHWE KUBWO UBWAMI.
URASHOBORA GUSIGA
UMUKOBWA Wawe NGAHA.
TUZOMWITAHU.

UMUVUGISHWA
AKONGERA AKABA
N'UMUCAMANZA YITWA
SAMWERI ARABABURIRA
ATI NI MWITORERA
UMWAMI WANYU MUZOBA
MURIKO MWANKA
IMANA NK'UMURONGOZI
WANYU, ARIKO BANKA
KUGENDERA MU
KWIZERA. UMWAMI
SAWURI ABATWARA NABI,
ABANYAGA AMAFARANGA,
AMATONGO, AKORESHA
NABI ABAHUNGU BABO
ARABAKANDAMIZA
ABAKOBWA BABO NABO
AKABASHURASHUZA.





IGIHE UMWAMI
SAWLURI YASAZA,
IMPWEMU MBI
YAKUNDA KUZA
KURI WE HANYUMA
BIGATUMA
ATAMERA NEZA.

UMUSI UMWE
AGERAGEZA
GUCUMITA
UMUSORE YITWA
DAWIDI YAKUNDA
KUMUVUGIRIZA
INANGA.

1 SAMWERI 8

SAWLURI YAGUMA AKORA IVYAHA. YAGIRIRA ISHARI
ABANTU BOSE ATA BWOBA. IRYA MPWEMU MBI YARI
YAMUSEZERANIYE KUMUHA UBUSHOBOZI HAMWE
N'UBUTUNZI, ARIKO HAKUMUHA IVYO YAMUSHIZE MU
BUKENE YONGERA IRUHISHA UMUSHAHA WIWE.



SAWURI
YIBAGIRA
IMANA
NZIMA
HANYUMA
AJA MU
BAPFUMU.

NDABONA
UMWIZA. SIVYIZA.
UZOPFIRA KU
RUGAMBA HANYUMA
UWUNDI AJE MU
KIBANZA CAWE.

SAWURI APFIRA KU RUGAMBA
HANYUMA UMUSHAHA
WIWE UJA MU MURIRO.



IMANA ITORA UMUSORE MUTOYA KUGIRA
ASUBIRIRE SAWURI NK'UMWAMI. YARI
UMWUNGERE AKUNDA IMANA AKONGERA
AKUBAHA IVYAGEZWE VYAYO, NURYA
NYENE SAWURI YASHATSE KWICA.

UMWAMI MANA NIWE
MWUNGERE WANJE,
NTACO NZOKENA.
AVYANGIZA MU CANYA
C'UBWATSI BUTOTAHAYE.
AREMESA UMUTIMA
WANJE.

DAWIDI YARI
AGOROROTSE
KANDI YARI
UMUKUNZI
W'IMANA.
MBEGA NIWE
AZOKIZA UMWANA
W'UMUNTU
IVYAHA
N'URUPFU? MBE
DAWIDI NIWE
W'ISEZERANO?

1 SAMWERI 18:10-11, 31:4, 16:1-13,
ZABURI 23:1-3

DAWIDI
YARANDITSE ATI:
HAHIRWA UMUNTU
ATAGENDERA MU NAMA
Z'ABABI, ATICARANA
N'ABANYAVYAHA.
ARIKO IBIMUHIMBARA
BIRI MU VYAGEZWE
VY'UWUHORAHU
N'AMATEGEKO
YIWE, AKABIRIMBURA
KU MURANGO NO
MW'IJORO.



AZOBA NK'IGITI
GITEWE IRUHANDE
Y'AMAZI CAMA KU GIHE
CACO. IBIBABI VYACO
NTIVYUMA KANDI ICO
AKOZE COSE KIGENDA
NEZA KIRATERA
IMBERE KIKUNGUKA.



ABATUBAHA IMANA
ARIKO NTIBAMEZE
UKO. BATWARWA
N'UMUYAGA KANDI
NTIBAZOHAGARARA
KU MUSI
W'URUBANZA.
IMANA IRAZI INZIRA
Z'UMUGOROROTSI,
IZ'UMUNYAKIBI
NAZO
ZIZORANDURWA.

SAWURI APFLUYE,
DAWIDI ABA
UMWAMI WA
ISIRAYERI
HANYUMA
ARONGORERA
ABANTU
GUHIMBAZA IMANA
NO KWUBAHA
IVYAGEZWE VYAYO.



2 SAMWERI
2:4, ZABURI 1,
IVYAKOZWE
N'INTUMWA
13:22-23

SUBIZA ITONGO
LIYU MUGORE KANDI
UKURIKIRANE NEZA
URABE KO ATA KORI
RIRENGEJE AZA
KURIHA.

KU NTWARO YA DAWIDI,
IGIHUGU CARATEYE
IMBERE KANDI CONGERA
GIHAGARARA NEZA.

IMANA YARAVUGANYE NA DAWIDI
HANYUMA IMUHISHURIRA IBINTU
VYINSHI BIJANYE NA KAZOZA.
DAWIDI YANDIKA UBWO BUUVUGISHWA
MU GITABO BITA ZABURI. VYINSHI
MURI VYO VYARAMAZE GUSHIKA.



AZOCIRA URUBANZA
ABANTU N'UBUGOROROTSI,
N'ABAKENE NABO
BAZOCIRWA URUBANZA.
AZOKIZA URUVYARO
RW'ABAMUSHAKA HAMA
LWUKANGA ABANDI
AMUJANJAGURE. MU MISI
YIWE UMUGOROROTSI
ARATOTAHARA, N'AMAHORO
Y'UMUSESEKARA NKA
KURYA UKWEZI GUTEBA
AZOSHIRWAHO. AZOGIRA
KUGANZA KUVA KU
KIYAGA UJA KU KINDI, NO
KUVA KU RUZI GUSHIKA
KU MPERA Z'ISI.



DAWIDI YARI UMUNTU ATUNGANYE
ARIKO VYARASHIKA AGAKORA ICAHA
BISIGURA KO ADASHOBORA KUBA
WA MUCUNGUZI YASEZERANWA
N'IMANA. YARANDITSE IBIJANYE
N'UMUCUNGUZI AZOZA.

EGO, ABAMI BOSE
BAZOMUPFLUKAMA
IMBERE, AMAHANGA YOSE
AMUKORERE. AZOCUNGUZA
IMISHAHA YABO,
AYIKUREMWO KUBESHA
NO KUGIRA NABI:HAMA
YIBEREHO. ISENGESHO
RIZOKORWA HISUNZWE WE
IBIHE BIBANDANYA, KANDI KU
MUSI KU MUSI AZOHIMBAZWA.
IZINA RYIWE RIZOHANGAMA,
IZINA RYIWE RIZOBANDANYA
NKA KURYA KW'IZUBA:ABANTU
BAZOHEZAGIRIRWA MURI WE,
AMAHANGA YOSE AZOMWITA
LUMUHIRWE.
(ZABURI 72)

IMANA IBWIRA
DAWIDI ITI NI WAPFA
LIBWAMI BWAVE
BUZOBANDANYWA
N'UMUHUNGU WAVE.
AZOKUBAKA INGORO
NZOHIMBARIZWAMWO,
KANDI LIBWAMI BWIWE
BUZOHANGAMA
IBIHE N'IBIHE.



INYUMA
Y'URUPFU RWA
DAWIDI, SAROMO
UMUHUNGU WIWE
ACA ABA UMWAMI
(IMYAKA 971
IMBERE YA KRISTO
) HISUNZWE
IVY'IMANA
YABWIYE DAWIDI,
SAROMO YUBAKA
INGORO (IMYAKA
966 IMBERE
YA KRISTO)
ISUBIRIRA YA
NGORO NTOYA
YARI ISHAJE
BAKORESHA BAKIRI
MU BUGARARWA.

ABANYISIRAYERI
BARATERA IMBERE
GUSUMBA. VYUKURI
IMANA ISHITSA IVYO
YABASEZERANIYE
VYO KUBAZANA
MU GIHUGU HAMA
IKABAHEZAGIRIRAHU.



ARIKO HARIHO
ISEZERANO RIMWE
IMANA ITARI BWASHITSE,
UKUZA K'UMUKIZA
AZOSANGANGURA
IBIKORWA VY'UMURWANIZI
VYOSE. ABANTU BAGUMA
BAKORA IVYAHA HAMA
AMARASO Y'IBIKOKO
AKAGUMA ATANGWA
KUGIRA APFUKE IVYO
VYAHA. ARIKO BARASHIMA
IMANA KO YABAHAYE
INZIRA YO GUPFUKA
IVYAHA VYABO GUSHIKA
IGIHE CAGENYWE HAMA
UWUZOBOHORA AZOKURAHU
ICAHU BURUNDU.

2 SAMWERI 7:12-16,
ZABURI 72:1-20

ABANTU BARAZA MU NGORO
KWUMVIRIZA INYIGISHO Z'IVYANDITSWE
VYERA. BAKANEZERERERWA
UBUVUGISHWA BW'UMUKIZA AZOZA.



*LIMWAMI MANA YARAHYE UKURI ABWIRA DAWIDI,
KANDI NTAZOBHINDURA; KU CAMWA C'UMUBIRI
WAVE NIHO NZOSHINGAKO INGANJI YANJE.*

*LIRI LUMUHUNGU WANJE; KANDI
LIYU MUSI NDAKUVYAYE. NSOMYE
LUMUHUNGU WANJE KUGIRA
NTASHAVURE, HAMA ASAMBUKIRE
MU NZIRA, AHO INZIGO YIWE
ITUZISHIJWE HAMA IKABA NTOYA*

DAWIDI YARANDITSE IBINTU
VYINSHI KU VYEREKEYE
UMUBOHOZI AZOZA:

LIMWAMI MANA ARABWIRA
LIMWAMI WANJE, ICARA I
BURYO BWANJE GUSHIKA AHO
ABANSI BAWE NDABASHIRA
MUSI Y'IBIRENGE VYawe.
(ZABURI 110:1)

INGANJI Yawe MANA N'IYO
IBIHE N'IBIHE:URAKUNDA,
URAGOROROTSE, WANKA
IKIBI: RERO MANA WANSIZE
AMAVUTA Y'UMUNEZERO
HEJURU Y'ABANJE.

(ZABURI 45:6-7)

**UBUVUGISHWA BWINSHI
BW'UMUKIZA AGIYE KUZA:**

KANDI NZOMUGIRA IMFURA YANJE,
NDAMUSHIRE HEJURU Y'ABAMI BO MURI IYI SI.
(ZABURI 89:27)

NDANEZEREJWE NO GUKORA UBUGOMBE
BWAVE, OOO MANA YANJE:
EGO, IBWIRIZWA RYAWA RIRI MU MUTIMA
WANJE.

(ZABURI 40:8)

NZUGURURA AKANWA KANJE NCE
UMUGANI:NZOKWATURA IVY'UMWIZA
MBWIRA ABASHAJE:

(ZABURI 78:2, MATAYO 13:34-35)

HARI IKINTU CIHARIJE DAWIDI
YANDITSE KU BIJANYE NA
MESIYA AGIYE KUZA:

NSUTWE HANZE NK'AMAZI,
N'AMAGUFA YANJE YOSE
ASA NTAYATUNZWE:UMUTIMA
WANJE USA N'UWUFUNDURUWE,
UYONGEYE HAGATI Y'AMARA
YANJE. INGUUVU ZANJE ZIRUMYE
NK'IBUMBA RY'UMUBUMVYI
HAMA URLURIMI RWANJE
RUHEZE MU BINYIGISHI,
UNZANYE MU MUKUNGLIGU
W'URUPFU. IKORANIRO RY'ABABI
RYANYUGARIJE: BATOBAGUYE
IBIGANZA VYANJE N'IBIRENGE
VYANJE. BARWANIRA UBUYONGA
BW'IMPUZU YANJE BARATERERA,
BARAYIPFINDANIRA.

(ZABURI 22:14-18)

SAROMO YAGIZE UBWAMI BUREBURE KANDI
BW'ITERAMBERE, ARIKO INYUMA Y'URUPFU RWIWE IGICE
C'UBURARUKO BW'UBWAMI BWIWE KIRIYONKORA BIGIRWA
N'UMUBI YITWA YEROBOWAMU UMWE MU BAMI
(IMYAKA 975 IMBERE YA KRISTO).

IYI NIYO MANA
YABAKUYE MURI EGIPTA,
HAMA ABA NABO
N'ABAHEREZI BAYO.

IBIJANYE
N'ICAGEZWE CA MOSE
VYO GUTE HAMWE
N'INGORO IMANA
YASHIZE KUBWACU I
YERUSAREMU?


1 ABAMI 12:20, 28-29, ZABURI 2:7, 12,
22:6, 14-18, 40:8, 45:6-7, 78:2, 89:27,
110:1, 4, 132:11, MATAYO 13:34:35

LIBWO BWAMI ARIKO BWARI KURE Y'INGORO Y'I
YERUSAREMU, HAMA RERO BACA BUBAKA IBIBANZA
VYABO VYO GUHIMBAZA, BASHIRAMWO IBIGIRWAMANA
MU MASHUSHO Y'IMPFIZI Z'INKA Z'INZAHABU.

HARI INZIRA NYINSHI
ZIJA KU MANA. BAMWE BAYITA
YEHOVA, ABANDI ARAHA, ABANDI
SHEMOSHI, ARIKO TWE
TUYITA BAYARI.

HAMA KUBIJANYE
N'IVYANDITSWE VYERA IMANA
YAHAYE ABAVUGISHWA BAYO VYO GUTE?
BIDUTEGEKA BITUBWIRA KO TUTEMEREWE
KUGIRA IYINDI MANA. BIVUGA KO HARIHO
GUSA IMANA IMWE N'INZIRA IMWE
GUSA IJA KURI YO.





**URIBAZA
KO IMANA IFISE
IVYIYUMVIRO
VYAGA?**

**SINZE NSUBIRE
KWUMVA IVYO! GUHIMBAZA
BAYARI NIVYO VYEMEWI
MURI IKI GIHUGU. ABATAZOBA
ABIZIGIRWA KURI VYO
BAZOKWICWA.**



OOO
BAYARI, AKIRA
IKI KIMAZI KIVUYE
MU MINWE YACU
ICIYE BUGUFI.

IGIHE ABAHEREZI BATORA IMPFIZI
NK'IKIBUMBANO GIKORESHA MU
GUHIMBAZA IMANA BARI BATOYE
BATABIZI LUSIFERI WA MU KERUBI
YAKORA ICAHA. BARIKO BAHIMBAZA UMUBI
NAWE BIGACA BIMUNEZERA, KUKO WE
ABA ARIKO ARAKATISHA ABANTU KU MANA
YASEZERANYE UMUCUNGUZI AGIYE KUZA.




URAHEZAGIWE MWAMIKAZI
W'IJURU, NYINA W'IMANA. UMVIRIZA
AMASENGESHO YACU HANYUMA
UDUHARIRE IVYAHA VYACU.



1 ABAMI 12:28, 13:1-2,
YEREMIYA 44:17-25,
EZEKIYERI 1:10, 10:14, 28:14

MURIKO
MUKORA IKI
AHA HANTU
HEJEJWE?

MW'IZINA RYA YEHOVA URYA
MWAHEVYE MWUMVIRIZE IJAMBO
RY'UMWAMI MANA. UMWANA AZOVUKA KU
GISHITSI CA DAWIDI. MURI UWO MURYANGO
NYENE NIHO HAZOVA UMUKIZA. AZOKWITWA
YOZIYA KANDI KURI IKI GICANIRO NIHO
AZOTURIRIRA ABAHEREZI BA BAYARI.



GUTE USHOBORA
KUVUGA IBINTU NKIVYO?
NTA MUNTU NUMWE
ASHOBORA KUVUGA IBIJANYE
NA KAZOZA URETSE
IMANA.

KUBW'IJAMBO RY'UMWAMI
MANA NDABABWIYE KO
AMAGUFA Y'ABA BAHEREZI KO
YOSIYA AZOYATURIRIRA KU
GICANIRO.



IMANA IRAZA KUGUHA
IKIMENYETSO CEREKANA KO
NAYIVUGIYE. UNO MUSI NYENE
ICO GICANIRO MWUBATSE KUGIRA
MUHIMBAZE IKIGIRWAMANA
KITAVUGA KIRAZA KURWA HAMWE
N'ABAGICLINGEREYE.

HA, HA, HA! UMVE UYU
MUGABO. YIBAZA KO ARI WE
ARI MU KURI HANYUMA ABANDI
BOSE BAKABA BARIKO
BARIHENDA!



MUMUFATE!
MUMWICE.
GLITE ASHOBORA
KUVUGA NABI IDINI
RY'UWUNDI MUNTU!

UKUBOKO
KWANJE
KWANYUNYUTSE!
YEHOVA YAMPANYE.
MUSENGE KUGIRA
ANKIZE.





MWAMI MANA,
IMENYEKANISHE
UNO MUSI.
KIZA UKUBOKO
K'UMWAMI.



N'IGITANGAZA!
IMANA YAKIJIJE
UKUBOKO
KWANJE!


1 ABAMI 13:2-6

КАААААА!
ВУУУУУ!

УИИИИ!

ОУААААА!

YEHOVA, AKA
KANYA!



VYUKURI URI UMUKOZI W'IMANA! NTA MUVUGISHWA
NUMWE WA BAYARI AMAZE GUKORA IBI. INGO TUJANE
DUSANGIRE IVYOKURYA N'IBINYOBWA HAMA NGUHE
UBUTUNZI N'ICUBAHIRO KUBWO IGIKORWA C'IMANA
WAKOZE UNO MUSI.

OYA SINOJANA NA WEWE.
IMANA YARAMBUJIJE KURYA NO
KUNYWA MU GIHE NZOBA NKIRI MURI
ISIRAYERI, NO GUSUBIZA AHO NACIYE
MU GIHE NARIKO NDAZA.

ASAMBUYE IDINI
RYANJE. NTA KINTU
NA KIMWE GISIGAYE.


ARIKO MWAVUZE KO AMAGUFA
Y'ABHEREZI AZOHIRA KU
GICANIRO. IGICANIRO CAHIYE
ARIKO NTA NUMWE YAPFLUYE.

ARYA YARI
AMAJAMBO
Y'IMANA APANA
AYIWANJE.



NKUKO IMANA
YABITEGETSE
UMUVUGISHWA N'IMANA
MU GUTAHA ACA MU
YINDI NZIRA. NTA
VYOKURYA, NTA MAZI
IMISI IBIRI YOSE, YARI
ANYOTWE CANE KANDI
ASHONJE. ABAHUNGU
BABIRI BARIKO
BARAHIMBAZA YA MPFIZI
Y'INKA Y'INZAHABU
BARAMUKURIKIRANA
KUGIRA BARABE INZIRA
AZA GUCAMWO.






DATA, SINARI
KUVYIZERA IYO
NTAVYIBONERA. NI
NK'UMUVUGISHWA WA
KERA WA ISIRAYERI.

NYARUKA!
NTEGEREZA
KUMURONDERA!

DATA,
URIBAZA KO
IVYO YAVUZE ARI
UKURI? YEHOVA
NIYO MANA
YONYENE NZIMA?
IBIGIRWAMANA
VYACU N'IMBAHO
N'INZAHABU
GUSA?



ASANGA UMLUVUGISHWA WA
YEHOVA YICAYE MUSI Y'IGITI.
YASHAKA KWEGERA UYO MUGABO
W'UBUSHOBOZI NKUBWO. YAHORA
ARI UMLUVUGISHWA WA YEHOVA
ARIKO IGIHE UBWAMI Bwigabuye,
YACIYE AKURIKIRA IBIGIRWAMANA
N'ABABIKORA. YIYUMVIRA AVUGA
ATI "AMADINI YOSE N'AMWE?"




UTEGEREZWANA KUBA URI UMUKOZI
W'IMANA AVUYE I YUDAYA. URARUSHE.
INGO MUHIRA HAMWE NANJE NDAGUHE
IVYO KURYA N'IVYO KUNYWA.

SINSHOBORA,
IMANA
YARAMBUJIJE
KURIRA NO
KUNYWERA MURI
IKI KIBANZA.

IMANA ISHIMWE,
NDANYOTWE CANE.

ARIKO URABONA NANJE
ND'UMUVUGISHWA NKawe
KANDI MURI IKI GITONDO CA
KARE UMUMARAYIKA WA YEHOVA
YAMVUGISHIJE AMBWIRA
NDAKUZANE MUHIRA URYE
WONGERE UNYWE.




IVYOKURYA
VYARI
BIRYOSHE
ARIKO NGIRE
NSUBIRE IYO
NAVUYE I
YUDAYA.

YHOVA YAVUZE ATI, "KO MUTUMVIYE ICAGEZWE
CIWE MUKARYA MUKONGERA MUKANYWA MURI
IKI KIBANZA, IKIZIGA CAWE NTIKIZOHAMBWA I
YUDAYA MW'ITONGO RY'ABAPFUYE RYO MU
MURYANGO IWANYU. "

DATA, URIKO
URAVUGISHWA.
NAWE IMANA
YAKUVUGISHIJE?

EGO
MUHUNGU
WANJE, UBWA
MBERE HARAZEZE
IGIHE.



1 ABAMI 13:10-22

LIVUZE
RERO KO AGIYE
GUPFA?

MFISE
LIBWOBA,
N'IKOSA
RYANJE.

UMUVUGISHWA AVA IWE AFISE
UMUTIMA UREMEREYE, AZI NEZA
KO IMANA YAMA ISHITSA KANDI
YAMA ARI INYIZIGIRWA KW'IJAMBO
RYAYO. AMENYA NEZA KO AGIYE
GUPFA. NIYITEGA KO BIGIYE KUBA
VUBA CANE UKUNTU KURI AHO.





URYA
NI WA
MUVUGISHWA
AVUYE I
YUDAYA.

BIRANATANGAJE
KUBONA INTARE
N'INDOGOBA
BIRI KUMWE
VYIHAGARARIYE
UMENGA BIRIKO
BIRINDA UMUBIRI
WIWE.

SINARI
BWABONE
IBINTU NK'IBI.
INTARE
YAMWISHE
ARIKO
IRIYICARIYE
YANSE
KUMURYA.

WA
MUVUGISHWA
W'IBINYOMA
ACA AFATA
WA MUKOZI
W'IMANA ACA
AMUHAMBA MU
MVA YIWE AHARI
ABAVUGISHWA
BA BAYARI,
AHEGEREYE
AHO IMANA
YASANGANGUYE
IGICANIRO.

IMANA
YAMUHOYE
UKUTUMVIRA KWIWE.
NIVYO ARIKO IVYO
YAVUZE VYOSE
BIZOSHIKA.



UMUKOZI W'IMANA ARAHAMBWA
YIBAGIRWA NA BENSHI ARIKO
BAKE BABANDANYA BAMWIBUKA.
IGICANIRO KIRASANURWA.

1 ABAMI 13:23-31,
2 ABAMI 21:24, 22:8-11, 23:1-3

HAGIRE HAHERE NK'IMYAKA AMAJANA
ATATU, IGICANIRO CARI KIGIKORESHWA
N'ABAHIMBAZA BAYARI ARIKO NTA
MUNTU NUMWE AMAGUFA YIWE
YARI BWAHIRE KU GICANIRO NKUKO
UMUKOZI W'IMANA YABIVUZE. A




ABANTU BATERWA ISONI
N'IVYAHA VYABO HAMA
BAMERA IBIRI MU GITABO.



MAMA WERA,
DUKIZE!

ABANTU BUBAHA
ICAGEZWE C'IMANA
HANYUMA BASAMBURA
IBIGIRWAMANA VYOSE
VYARI MU GIHUGU.
BICA ABAHEREZI
BOSE BOSA IMIBAVU
KUBW'IZUBA, UKWEZI,
AMASI, HAMWE
N'UMWAMIKAZI
W'IJURU.




ICAGEZWE C'IMANA NKUKO
CATANZWE NA MOSE KIRABUZA
LUBUSAMBANYI HAGATI Y'ABASANGIYE
IBITSINA, RERO ABANYASODOMU
BOSE BASOHORWA MURI ICO GIHUGU.

NTA
MBABAZI.

BASOHORA MU GIHUGU
KANDI BARYA BOSE
BAKORESHA IMIZIMU
Y'IMIRYANGO, ABAPFUMU
N'ABAROZI.

**MWAKE
IVYO YAMBAYE
HANYUMA
MUTURIRE INZU
YIWE.**

2 ABAMI 23:5, 7, 10, 24



YOZIYA ASHIKA
KURI CA KIBANZA
GIKURU NYENE
AHO WA
MUVUGISHWA
YAVUGANIRA
AMASO MU YANDI
NA YEROBOWAMU,
UMWAMI WA
MBERE MU
BURARUKO IMBERE
Y'IMYAKA 300.

IGICANIRO
BARAGISAMBURA,
BASAMBURA
IBIGIRWAMANA
VYOSE, IGITI NACO
BAGISIGA ARI
UBUNYWENYWE
BW'IFU.

HARIHO IMANA
IMWE IYO NAYO
NTIHIMBAZWA BICIYE
MU BISHUSHANYO. ABA
BAHEREZI B'IBINYOMA
BARONGOREYE ABANTU
KURE YA YEHOVA!



**UTEGEREZWA
GUPFA.**


**IGICANIRO
KIRAKOTESHWA HAMA
ABARI BAGICLINGEREYE
BASOHORWA HANZE.**

ABAHEREZI BOSE BATARI
ABO UKURI BARICWA
HANYUMA IMIBIRI YABO
ITURIRWA KU GICANIRO.



MU MICUNGARARO YAHU
HARIHO AHO BAHAMBA
ABAHEREZI BATARI ABO UKURI.
ARIKO KUGIRA BARINDE ABANTU
NTIBAZE BAZE KUNAMIRA IMVA
ZABO BAZIHIMBAZA, YOZIYA
ARIMBA AMAGUFA YABO
AYAHAMBA KU GICANIRO.

2 ABAMI 23:15-16



**MUHAMBE
AMAGUFA
YOSE.**

**LIBUVUGISHWA BWA
YA MYAKA 300
BURASHIKA NKUKO VYARI
VYARAVUZWE NA WA
MUKOZI W'IMANA.**

**AMAGUFA
YIWE MUYAGUMIZE
UKWAYO. AYO ABANDI
MUYATURIRE. UKU
GUSENGA IBIGIRWAMANA
GUTEGEREZA GUHERA
NIMBA DUSHAKA KO
IMANA IDUHEZAGIRA.**

**MWUBAHWA, IYI N'IMVA YA WA
MUKOZI W'IMANA YAVA I YUDAYA
HARAHEZE NK'IMYAKA AMAJANA ATATU
KANDI YARAVUZE IBI BIBAYE UNO MUSI.
YARAVUZE KO UMUNTU YITWA YOZIYA
ARI WE WEWE NYENE AZOZA AGAKORA
IBI NYENE UHEJEJE GUKORA.**

HAHEZAGIRWA
WEWE MANA YACU, MWAMI
W'ISI, WEWE WAMANUYE
IMIKATE UYIKURA MW'IJURU.

MU GIHE UGUSENGA IBIGIRWAMANA
KWARI KWAGIYE, UMWAMI
YOZIYA ATEGEKA KO HOBA
PASIKA YO KWIBUKA YEHOVA,
YAKUYE BA SE MURI EGIPTA
AKONGERA AKABASHIKANA
MU GIHUGU BARIMWO.





DATA,
UYU MUSI
UTANDUKANIYE
HEHE N'IYINDI
MISI?

DATA ABATERA INKURU ABABWIRA UKUNTU BAVUYE MU BUNYAGANO MURI EGIPTA BAKIJJWE N'IMANA HANYUMA IBAHA ICAGEZWE IBABWIRA BANUBAKE N'INGORO. ABABWIRA KANDI UKUNTU AMARASO YO KUBISHIMARYANGO YATUMYE ABAYASHIZEKO BADAPFISHA ABANA B'IMFURA B'ABAHUNGU BAJE KURANDURWA N'UMUMARAYIKA. KWARI UKURENGANA KW'IBIHE N'IBIHE.



<https://goodandevilbook.com/>